

## **RINGKESAN**

### **SEJARAH DINTEN DUMADINING LAMONGAN**

TUMENGGUNG SURAJAYA INGGIH PUN IKI HADI LARE SAKING DHUSUN CACING, INKGANG SAMANGKE KLEBET WEWENGKON DESA SENDANGREJO KEC.NGIMBANG KAB. LAMONGAN.

WIWIT TAKSIH ALIT, HADI SAMPUN NGABDI ING KASUNANAN GIRI LAN DADOS SANTRI KINASIHIPUN KANJENG SUNAN GIRI JALARAN LAKU-JANTRA INKGANG SAE UGI PINTER, TRAMPIL LAN CEPET MUMPUNI ING BAB KAWRUH AGAMI ISLAM LAN SELUK-BELUK PAMRENTAHAN.

KANTHI LELIMBANGAN MENIKO WUSONO SUNAN GIRI NDHAWUHI HADI SUPADOS NINDAKAKEN PAMRENTAHAN UGI NYEBARAKEN AGAMI ISLAM SINAMBI NATA PAGESANGANIPUN RAKYAT ING WEWENGKON SAKILENIPUN KASUNANAN GIRI INKGANG SINEBAT KENDURUAN.

KAGEM NINDAKAKEN TUGAS AWRAT MENGKO SUNAN GIRI PARING PANGKAT RONGGO DHUMATENG HADI.

RONGGO HADI KALIYAN PANDHEREKIPUN NITIH PRAU/BAITO LEWAT KALI LAMONG, WUSONO SAGED MANGYIHAKEN....

KANTHI RAHMADIPUN GUSTI ALLAH INKGANG MOHO TUNGGAL, RAKYAT LAN PAMARENTAH KAB. LAMONGAN WUSONO NETEPAKEN DINTEN DUMADOSING LAMONGAN INGGIH MENIKO TANGGAL 10 DZULHIJJAH 976 H UTAWI DINTENKEMIS PARING TANGGAL NEMLIKUR MEI SEWU GANGSALATUS SUWIDAK SONGO.

DINTEN LAIRIPUN LAMONGAN MENIKO MUNDHUT SUMBER SAKING BUKU WASIAT SILSILAN KANJENG SUNAN GIRI INKGANG DIPUN SERAT TANGAN MAWI HURUF JAWI KUNO LAN DIPUN SIMPEN DENING JURU KUNCI MAKAM GIRI ING GRESIK INGGIH MENIKO ALM. BPK. MUHAMMADI BADDAWI.

PERLU DIMANGERTOSI UGI BILIH NGREMBAKANE DAERAH LAMONGAN WUSONO NGANTOS DADOS WILAYAH KAB. LAMONGAN SAMPUN LUMAMPAH ING ZAMAN KEISLAMAN KANTHI KASULTANAN PAJANG MINONGKO PUSAT PARENTAHAN.

HANANGING INKGANG TUMINDAK NINGKATAKEN KRANGGAN LAMONGAN DADOS KAB.LAMONGAN UGI INKGANG NGANGKAT/HAMISUDHO SUROJOYO

DADOS ADIPATI LAMONGAN KAPISANAN SANES SULTAN PAJANG, HANANGING  
KANJENG SUNAN GIRI INKGANG KAPING SEKAWAN.

BABAGAN MENIKO DIPUN SEBABAKEN KANJENG SUNAN GIRI PRIHATIN  
TUMRAP KASULTANAN PAJANG INKGANG TANSAH KISRUIH LAN KAHANAN  
PARENTAHANIPUN KIRANG AMAN. KE JAWI MENIKO KANJENG SUNAN GIRI UGI  
RUMAOS PRIHATIN WONTEN ANCAMAN LAN POLAH-TINGKAH PARA PEGADANG  
ASING SAKING EROPA.

PAPAN INKGANG NAMI KENDURUAN. ING DAERAH ANYAR KASEBUT SEDAYA  
PAMBUDIDOYO LAN RENCANA RONGGO HADI LUMAMPAH GAMPANG IAN  
LANCAR, UTAMINIPUN ING BABAGAN NYEBAR-AKEN AGAMI ISLAM, NATA  
PARENTAHAN LAN PANGURIPANE MASYARAKAT.

MERGA SOKO KASIL LAN KATRENANE WARGA, RONGGO HADI OLEH JULUKAN  
MBAH LAMONG MERGA SIPAT OLEHE NGEMONG LINAMBARAN RASA SABAR  
TRESNA WELAS LAN ASIH.

RONGGO HADI SADANGUNE MENIKO TANSAH NGAYOMI WARGA KANG NJALARI  
DADOS CALON KUAT ADIPATI KRANGGAN.

MEKAR-NGREMBOKO CANDHAKIPUN, SUNAN GIRI IV UTAWI SUNAN PRAPEN  
NGUMUMAKEN LALADAN KRANGGAN LAMONGAN DIPUN TINGKATAKEN DADOS  
KADIPATEN TANGGAL 26 MEI 1569, LAJENG HAMISUDHA RONGGO HADI DADOS  
ADIPATI LAMONGAN KAPISAN KANTHI GELAR TUMENGGUNG SUROJOYO.

PENGUKUHAN/PENOBATAN KASEBUT NYARENGI PASAMUAN AGUNG INKGANG  
DIPUN GELAR ING PURI KASUNANAN GIRI GRESIK, INKGANG DIPUN RAWUHI  
DENING PARA PANGAGGENG INKGANG SAMPUN NGRASUK AGAMI ISLAM LAN  
PARA SENTONO AGUNG KASUNANAN GIRI.

RONGGO HADI SEDA TAHUN SEWU NEMATUS PITU, PUSARANIPUN ING  
MADYANING KAMPUNG PALEREMANIPUN PORO WARGO ING KALURAHAN  
TUMENGGUNGAN KEC.LAMONGAN.